

Nan pati sa a nan liv la, w ap jwenn bon jan eksplikasyon sou
koze timoun k ap travay ak moun / restavèk nan peyi Ayiti.
Gen jwèt tou ak lòt aktivite !



Mwen rele : _____

Mwen gen _____ lane

Mwen nan klas : _____

Jwe pou aprann

Depi lontan nou konnen yon timoun gen dwa menm jan ak tout moun.



Kolorye moun sa yo pou yo ka bèl epi byen bòzò pou yo ale siyen Konvansyon Entènasyonal Dwa Timoun yo.

Fifi – Tounnen lakay li

Men kòman Konvansyon Entènasyonal Dwa Timoun yo (KEDT) kreye, yon 20 novanm 1989. Dat sa a tou rete pou Jounen Mondyal Timoun.



KEDT se yon dokiman ki gen 54 atik, kote peyi yo fè pwomès y ap pwoteje timoun yo epi amelyore lavi yo.

Depi 1994, Ayiti pran responsabilite pou li fè lwa pou respekte KEDT a.

Nan mwa jen nan peyi Ayiti, se fèt nasyonal timoun yo. Gen jwèt, gen chante ak anpil emisyon nan televizyon ki fèt pou fè tout moun sonje fòk nou pwoteje timoun yo.

Kisa yon konvansyon ye ?

Fè yon kwa sou repons dapre ou ki se bon repons la.




Yon akò

Yon tèks men longè ak anpil atik.

Yon bann rara

Yon jounal



Yon fich bolèt



Yon tikomik

Yon konvansyon se yon akò ki siyen ak plizyè moun oubyen ak yon enstitisyon. Li vini tankou yon tèks ki men longè ak plizyè atik.

Jwe pou aprann

Si ou mete lèt yo nan bon sans yo w ap dekouvri twa (3) òganizasyon enpòtan ki pwoteje timoun ak fanmi.

_____ R E B S

Enstitisyon Byennèt Sosyal ak Rechèch depann de Ministè Afè Sosyal. Li soutni ak pwoteje fanmi. Li nan tout depatman yo, men li pa gen anpil mwayen.

_____ P M B

Brigad Pou Minè yo se yon sèvis lapolis ki espesyalize li nan timoun y ap maltrete. Biwo santral la se Pòtoprens li ye. Men gen lòt biwo nan tout peyi a, menm genyen sou fwontyè a ak nan ayopò a.

_____ / _____ C F N U I E / F N T

United Nations International Children's Emergency Fund an kreyòl Fon Nasyonzini pou Timoun se yon òganizasyon entènasyonal ki defann dwa timoun nan mond lan. Yo ede leta ayisyen nan pwojè li yo sou lasante, pwoteksyon ak ledikasyon timoun yo.

Twa òganizasyon ki pwoteje timoun ak fanmi - EBSR - BPM - UNICEF/FNT

Fifi – Tounnen lakay li

Lamizè menase dwa ti ayisyen ak ti ayisyèn yo pou yo viv, dwa pou yo gen lasante ak bon jan ledikasyon .

Se youn nan bagay ki lakòz restavèk ak timoun k ap travay.

Olye Fifi ale lekòl , li tounen yon restavèk .

Nan peyi Ayiti gen 400 000 timoun ki restavèk tankou Fifi.

Yo gen soti 5 pou rive 14 lane. Yo separe de fanmi yo, yo travay twòp, sa lakòz yo gen reta nan zafè lekòl yo.

Lavil gen plis tifi. Nan vil pwovens yo gen anpil ti gason pou ede travay nan jaden.





Jwe pou aprann



Travay nan kay se yon pati nan ledikasyon an

Timoun k ap travay di se eksplwatasyon!



Nan peyi Ayiti, anpil timoun ede nan travay nan kay tankou: lave, fè manje, bale, ede ak sa ki pi piti yo .

Poutan yon timoun pa ka fè travay yon granmoun. Li pa gen menm fòs ak yon granmoun, li bezwen plis repo.

Selon lwa ayisyèn yo, laj legal pou travay se 15 lane, aprè obligasyon lekòl yo. Men pa gen anpil moun ki konnen lwa k ap pwoteje timoun yo, epi Leta mal aplike yo. Fòk nou di tou Leta dwe depanse plis pou anpeche ekplwatasyon timoun ak pini moun ki pa respekte lalwa.

E ou menm? Rakonte nou kisa ou fè pou ou ede fanmi w nan kay la :



Fifi – Tounnen lakay li

Timoun k ap fè restavèk pa gen anpil tan pou tèt yo.
 Poutan, yon timoun bezwen jwe, fè bèl rèv. Se konsa timoun devlope konsantrasyon li, imajinasyon li, jwe ak lòt timoun aprann li respekte règ jwèt yo. Jwe se yon dwa!

Ranplase imaj yo ak vwayèl A, AN, E, I, O, OU.

Wap dekouvri kèk aktivite ki enpòtan pou timoun byen grandi.

GR__D__	__PR__NN
J W__	R__
D__S__	R__V__
CH__T__	PR__ PL__Z__
K__R__	



Grandi- Jwe – Danse – Chante – Kouri – Aprann – Ri – Reve – Pran Plezi


A/AN = ★
 E = ♣
 I = ♦
 OU = ♥
 O = ▼

Jwe pou aprann

Restavèk soti nan yon aranjman ant de (2) fanmi. Gen youn nan fanmi yo lavi a di pou li. Anpil fwa fanmi sa a rete andeyò men li vle yon lavi miyò pou timoun li yo. Se konsa yon lòt fanmi deside pran sou zèl li yon timoun, li ap gen pou li mete lekòl, si li ede nan travay ki gen pou fèt nan kay la. Mo « restavèk » la soti nan lang franse « rester avec », yon timoun ki restavèk se yon timoun ki ale nan yon lòt fanmi. Timoun sa a ale viv ak yon fanmi lwen oubyen kay yon zanmi.

Nan peyi Ayiti, anpil fwa timoun yo viv lwen fanmi yo, kay lòt moun nan fanmi an ; yon fanmi gen anpil moun : gen papa, manman, frè, sè, genyen tou tonton, matant, grann ak gran papa, kouzen, kouzin, parenn ak marenn ... kiyès ankò ?

Desine fanmi ou



Fifi – Tounnen lakay li

Timoun ki restavèk yo panse se yon chans yo genyen.

Men yo san defans, yo poukont yo. Fanmi ki resevwa yo a ka eksplwate yo, yo konn viktim vyolans nan lapawòl menm jan yo konn sibi vyolans nan kò yo tou. Kèk fwa, yo menm ka sibi vyolans seksyèl.

Timoun k ap viv ak fanmi yo tou konn viktim vyolans. Maltrete yon timoun gen konsekans sou sante fizik ak sante mantal timoun sa a. Se tout lavi li l ap kenbe souvni move trètman li te konn sibi. Malgre pwovèb la di « timoun pa ti bèt », timoun yo gen santiman menm jan ak tout moun. Granmoun yo dwe respekte ak pwoteje yo.


Jwenn 8 mo ki kache pami lèt sa yo.

B	A	Q	C	F	G	E	H	K	P	P
M	S	T	R	O	P	L	N	M	W	U
M	I	H	R	E	S	P	E	C	O	V
N	S	D	K	L	P	T	U	N	T	M
K	T	G	C	T	I	C	M	H	E	J
L	A	K	A	Y	R	P	L	V	K	R
T	N	H	I	G	S	B	T	P	S	Y
Y	S	D	W	O	T	H	S	K	Y	B
Z	X	J	I	S	T	I	S	P	O	P
D	W	A	V	T	I	M	O	U	N	Z
Q	T	H	Y	U	Q	W	R	U	K	M

Diyète – Dwa – Timoun – Lakay –
Pwoteksyon – Respe – Asistans – Jistis



Kolorye timoun yo
ak blad yo.



Fifi – Tounnen lakay li



« Pwoteje ak sèvi : Timoun yo anvan ». Se nan sa Brigad Pwoteksyon pou Minè kwè, se yo ki te ede Fifi. Polisye ki nan BPM yo pran yon fòmasyon espesyal.

BPM gen yon nimewo telefòn gratis, se 188. Pou denonse yon zak vyolans sou yon timoun, ou mèt rele san ou pa bezwen bay non ou.

Komisarya katye a tou resevwa plent yo. Gen de lè se timoun yo ap maltrete a ki vini rakonte listwa li nan komisarya a.



Lè BPM ap ankete, timoun ki viktim nan ak tout granmoun k ap maltrete li a, yo mennen tou de nan komisarya a, konsa Brigad la kòmanse prepare yon dosye.

Si timoun nan bezwen laswenyay, Brigad la mennen li lopital pou li wè ak yon doktè.

Dosye a ale jwenn yon jij nan yon tribinal ki gen yon fòmasyon espesyal pou trete ka vyolans sou timoun. Se tribinal la ki jije ak decide. Moun ki fè vyolans la ap kondane pa rapò ak jan sa li fè a grav.



Jwe pou aprann



Enstiti Byennèt Sosyal ak Rechèch, EBSR, pran swen timoun sa a, chèche paran li yo, ki anpil fwa rete andeyò.


Nan tan sa yo met timoun nan nan yon fwaye oubyen nan yon sant ki fèt pou resevwa timoun. Timoun nan ale lekòl nan sant la oubyen nan yon lekòl ki tou pre. Si yo pa ta janm jwenn paran li, li ap rete viv nan sant la.



Anpil timoun tonbe nan restavèk paske paran yo pa gen mwayen pou okipe yo, konsa yo oblije bay yon zanmi oubyen yon fanmi yo timoun sa a. Yo panse timoun yo ap gen lavi miyò, y ap kapab manje, ale lekòl. Malerezman sa pa toujou pase konsa. Timoun nan tonbe nan restavèk, nan fè pil travay nan kay, anpil fwa yo maltrete timoun sa a.

Nap remèsye komisè Jean-Eddy LAHENS, Chèf BPM nan Pòtoprens, paske li te ede nou konprann travay brigad minè a ap fè !

Fifi – Tounnen lakay li



Èske ou konn yon timoun ki ap viv sa Fifi ap viv la ? Kijan li rele ? Eske se zanmi w ?

Yo bay timoun ki restavèk tout kalte ti non. Yon ti non, oubyen yon mo tankou « Restavèk », yo itilize li kòm jouman, yo denigre yo. Lè yo menase, imilye, joure, oubyen fè vye blag sou yon moun, se yon fòm vyolans. Fòk nou di NON ak tout kalte vyolans. WI ak tolerans.

Nou youn pa menm, men nou tout egal ! Pou nou viv ansanm, nou youn dwe aksepte lòt. Nou pa dwe mete pèsonn sou kote .

Si yon jou ou ta kwaze sou wout ou yon timoun k ap pote dlo tankou Fifi, pa bliye nou sanble, nou tout se timoun. Li gen yon non menm jan avèk ou, li merite bonè menm jan avèk ou.

Konplete pati ki vid nan tèks la ak mo ki manke yo :

MENM SI MWEN SE YON G____ OUBYEN YON F____, MENM SI MWEN
R____ OUBYEN MWEN P____, NENPOT KOULÈ P____ MWEN, L____
MWEN PALE, OUBYEN R____ MWEN . MWEN GEN DWA POU YO TRETE
MWEN MENM JAN AK TOUT LOT YO. SE SA YO RELE DWA E____ A .

Menm si mwen se yon gason oubyen yon fi, menm si mwen rich oubyen mwen pòv, nenpot koule po mwen, lang mwen pale, oubyen relijyon mwen, mwen gen dwa pou yo trete mwen menm jan ak tout lòt yo, se sa yo rele dwa egalite a.

Ou kapab gen yon andikap men ou chaje ak talan. Menm jan ak mwen !
Mwen gen yon bon memwa epi mwen fò nan rakonte bèl ti listwa.

Mwen rele Maurice Sixto. Mwen avèg, poutan sa pat anpeche mwen vin
selèb. Mwen rakonte pifò listwa mwen yo an kreyòl, yo te gen anpil
siksè nan radyo. Mwen fè de pèsonaj selèb tankou: Leya
Kokoye, Ti Sentaniz, Mèt Zabèlbok.



« Ti Sentaniz » se listwa yon ti fi yo ap
maltrete, yo ap eksplwate nan fanmi ki
resevwa li a. Listwa sa telman popilè ke
yo di « Sentaniz » pou yo pale de yon
timoun ki restavèk.

Mwen itilize bagay ki ka fè moun ri pou
mwen pale de lavi an Ayiti. listwa mwen
yo fè moun ri men tou: li fè yo reflechi
sou anpil enjistis ki nan sosyete
ayisyèn nan.

Mwen mouri nan lane 1984, men listwa
mwen yo kontinye viv tankou : « Ti
Sentaniz » kounya yo fè tikomik ak li.


Gen timoun ki restavèk ki pa ale lekòl, paske fanmi ki ap resevwa yo a pa respekte pawòl yo bay ki se voye yo lekòl.

Gen kèk lekòl ki fè lekòl nan apremidi oubyen leswa pou timoun ki okipe lajounen. Malerezman Leta manke mwayen pou verifye kalite ledikasyon lekòl sa yo ap bay elèv yo ak kalite lekòl yo tou.

Met sou li, lè ou restavèk ou toujou fatige, li difisil pou ou konsantre ou nan klas la.


Rezon sa yo fè timoun ki restavèk gen anpil reta lekòl, epi y ap double klas. Yo gen anpil difikilte pou yo pase lekòl menm jan ak lòt timoun yo.

Si tout timoun Ayiti te gen yon lekòl gratis toupre lakay yo, yo petèt pa tap kite lakay yo pou yo al fè restavèk.



Nahomy Augustin ak Cynthia Laura Petit-Maître ap pale de metye yo antanke travayèz sosyal.

Depi m piti mwen te toujou bay anpil atansyon ak sa lòt moun bezwen. Mwen vin yon travayèz sosyal pou mwen kapab pote byennèt pou tout moun. M ap travay nan yon sant kote yo resevwa moun ki travay, li menm men nan men ak Enstiti Byennèt Sosyal. Mwen resevwa timoun ki viktim vyolans seksyèl pandan yo te restavèk. Yo voye anpil ti fi vin fè restavèk Pòtoprens paske sosyete nou an kwè ke travay nan kay se yon bagay ki fèt pou fanm.



Nan sant la nou bay timoun yo manje ak kote pou yo dòmi. Yo ale nan yon lekòl ki toupre sant la, pou plis sekirite. Si yon timoun pa janm ale lekòl, nou gen nan sant la pwofesè spesyal pou alfabetize yo. Nou chèche paran yo ki anpil fwa gen lontan yo pa janm wè timoun yo. Aprè, nou ret ak fanmi sa pandan yon tan pou nou ede yo rejwenn rapò yo te genyen anvan. Apre timoun nan retounen nan fanmi l, nou menm nou bay plizyè ti vizit pou nou wè kòman sa ap pase ak paran yo, kòman tou nou ka ede yo ak pwoblèm yo genyen. Nou fè tou fòmasyon pou nou esplike paran yo restavèk pa yon bon solisyon, timoun nan pa ni yon investisman, ni yon pyon. Sa ki pi difisil la se chanje sa paran yo panse, sinon se lave men siye atè, paske timoun sa ka retounen nan restavèk. Sa ki fè m plezi nan travay mwen se wè yon timoun ki te rive tris, kèk tan apre, ki ap ri epi chaje ak kè kontan. Se tankou solèy ki rantre yon kote.

Jwe pou aprann



Ayiti, sèvis Leta yo ak ONG yo ede timoun yo maltrete retire kò yo nan move enpas sa a pou yo ka byen fleri. Gen tout kalte metye tankou : doktè, sikològ, avoka, jij... Mwen, mwen se yon travayèz sosyal. Mwen ede yon moun oubyen yon gwoup moun, oubyen yon kominote ki nan bezwen pou rezoud pwoblèm yo

Mwen spesyalize mwen nan « Proteksyon timoun ak vyolans sou fanm ». Mwen ede fanmi yo, mwen sitou asire m de byennèt timoun nan. Mwen chwazi metye sa a paske mwen renmen ede moun, ankouraje yo pou yo devlope tout kapasite yo. Mwen vle pote patisipasyon mwen nan chanjman sosyal. Sa ki fè kè mwen kontan se ede yon benefisyè epi ak fanmi li jwenn de solisyon. Tout satisfaksyon mwen se konnen ke travay mwen ede li amelyore lavi li. Menm si kondisyon difisil lavi a konn anpeche mwen fè sa ki te planifye avèk benefisyè a. Ayiti se yon peyi pòv, moun k ap viv ladan li yo pa gen èd leta, menm pou bezwen ki pi bazik yo tankou : kote pou yo rete, manje pou yo manje, ledikasyon, lasante elatriye... Sitiyasyon sa a fè travay nou pi difisil. De jou an jou plis enstitisyon kòmanse rekonèt enpotans travay nou epi yo mande nou èd nou , men malerezman, nou travay san strikti, nou oblije esplike travay nou tout kote nou ale. Mwen ta renmen tout moun konnen metye mwen ap fè a epi pou li gen plis valè.

Fifi – Tounnen lakay li

Ayiti, prèske gen menm kantite ti fi ak ti gason nan primè, men ti fi yo anpil fwa oblije kite lekòl pou ede fanmi yo nan kay, pou travay, oubyen paske yo ansent.

Desine tèt ou nan metye ou bò kote fanm sa yo.



Idantifye metye sa yo , antoure sa ki ta kapab metye Fifi a.

P_____

D_____

J_____

Sylvie COICOU MERIDA



Mwen fèt Pòtoprens, papa m se ayisyen et manman m se kolonbyen. Mwen grandi Ayiti jiskaske mwen vin gen 18 lane. Apre bakaloreya, mwen pati nan peyi Lafrans, nan Pari pou mwen al nan inivèsite. Jounen jodi a mwen marye, mwen gen de pitit e mwen toujou ap viv nan peyi Lafrans. Malgre sa, Ayiti toujou sou kè m, mwen tounen vin vizite souvan. Mwen kontan patisipe nan yon pwojè k ap fèt pou timoun Ayiti. Mwen te pran anpil plezi pou ekri istwa Teyo ak TiDa, m espere w ap pran plezi pou li yo tou !

Rosele HENRIQUEZ

Non atis mwen se “Rosieh”. Mwen fet Okap, men m ap viv Potoprens. Lè mwen te timoun, kou desen se te moman prefere m nan klas, mwen te komanse ap desine ti istwa pou moun nan fanmi m. Lè mwen fin pase bakaloreya, mwen te ale nan ENARTS pou mwen te aprann A plastik ak ilistrasyon. Kounye a mwen granmoun, mwen fe ilistrasyon ak grafis pou mwen ka bay mo yo yon sans. Vini wè desen m yo sou rosieh.com, ou ka vini desine tou sou vininoudesine.club epi suiv mwen sou rezo sosyo yo sou [@rosiehrosieh](https://www.instagram.com/rosiehrosieh).



EGALEGO

nou tout gen menm dwa

(EGALEGO) Liv sa a reyalize nan kad pwojè « Accès à la justice et lutte contre l'impunité en Haïti (AJULIH) », yon pwojè òganizasyon Avocats Sans Frontières Canada (ASFC) reyalize nan patenarya ak Fondasyon Konesans ak Libète (FOKAL), gras ak sipò gouvènman peyi Kanada atravè Affaires Mondiales Canada. Liv sa a pa pou vann

Tèks : Sylvie Coicou Merida

Ilustrasyon : Rosèle Henriquez

Grafis : Ralph Dupoux

Temwayaj : Edwidge Danticat

Tradiksyon : Nadine Mondestin, Jenny Cadet

Kowòdinasyon : Carine Schermann, Jonathan Pérodin, Elizabeth Pierre-Louis

Konsiltasyon : Dona Roy Heurtelou, Mehdi Chalmers, Jacqueline Baussan, Danièle Magloire, Dominique Gaetjens, Clivia Isaac


Lekòl : Cours Privés Edme, Ecole Sainte Thérèse de l'enfant Jésus, Collège l'humanisme, Ecole j'apprends.



Fondasyon konesans ak libète
Fondation connaissance et liberté



ISBN 978-99970-979-6-5



9 789997 097965 >

Dépôt légal : 22-01-019

Bibliothèque Nationale d'Haïti

ISBN : 978-99970-979-6-5

1er trimestre 2022